

Bible lessons. **Lesson 51 THE SINAI SUMMIT**

**Exodus 19:1-20**

Memory verse: **"Draw near to God, and he will draw near to you."** James 4:8

## IMANA IBONEKERA ABISIRAYERI KU MUSOZI SINAYI

**Icirwa ca 80**

**Kuvayo 19:1-20**

Ijambo ngenderwako :"**Mwiyegereze Imana, nayo izobegera**" Yakob. 4:8.

### I. Intangamarara

Mu kwezi kugira gatatu bavuye muri Egipta ; bashika mu bugararwa bw'i Sinayi ; bahashinga amahema. Mose aduga imbere y'Imana, imuha ubutumwa abwira abantu. Ibibutsa ivyo yabakoreye vyose muri Egipta gushika aho bari. Imana isaba Mose kubwira Abisirayeri kwitegura no kwiyeza kugira bavugana nayo. Ababuza no kuzokora kuri uwo musozi naho hoba ari umuherezi yopfa aramutse abikoze. **Hebur. 12:29** « *Kuko Imana yacu ari umuriro utongora.* »

Kuri uwo musozi ugira gatatu, haza imituragaro, imiravyo n'umwotsi kuri uwo musozi ; Abisirayeri bagira ubwoba cane.

### II. Amategeko.

Imyaka amajana ane abana ba Isirayeri bamaze muri Egipta, igihugu c'abasenga ibigirwamana ; vyatumye ataco bokumvira hatabayeho amategeko akurikirana n'ibihano kubatayubahirije. Nico catuma Imana ishiraho amategeko n'ibihano igihe cose igomba ko bakorana. Nico catuma iha Dawidi zaburi yemeza ko ivyagezwe vyayo bitunganye.

Ni naco catuma n'igihe cose yaba igomba kuvugana nabo, yazana imituragaro, imiravyo ngo bahebe bemere ko ari Imana ikomeye. Nta Mpwemu Yera bari bafise ngo ibamenyeshe ivy'ukuri kw'Imana.

Muri iki gihe ca Kristo, ntamategeko Imana ikoresha. Yahaye ububasha umuntu wese guhitamwo kuba uwo ashatse imbere yiwe. Ariko yarateguye umusi izocira urubanza uwariwe wese. **Soma Zabur. 50:21**

### III. Imyiteguro y'ab'Isirayeri ngo baje guhura n'Imana.

Intambuko ikurikira kwari ukwitegura nk'uko Imana yabasavye ngo bahure nayo. Yabasavye kumesura impuzu zabo. Mu gihe ca Mose, ibintu vyose

vyategerezwa kuba ibiboneka n'amaso y'umubiri kuko ivyo mu buryo bw'Impwemu ntavyo batahura. Vyari igitutu c'ukuri kwari kwimirije kubonekera muri Yesu Kristo.

Imyambaro mu gihe ca Kristo ni ukwezwwa. **Ivyah. 7:13-14** « ... *aba bambaye imyambaro yera ni bande kandi bavuye he ? ... aba ni abavuye muri wa mubabaro mwishi, kandi bamesuye imvune zabo bazezeshya amaraso ya wa Mwagazi.* »

Aba bose babonetse mw'ijuru bari barejejwe. (Ubuzizima bwanesheje icaha) Aha niho tubonera ko uwutihanye ngo yezwe atazobona Imana.

#### **IV. Isezerano hagati y'Imana n'Abisirayeli.**

Abana ba Isirayeli bamaze gushinga amahema musu y'umusozo Sinayi ; Mose aja kubonana n'Imana kuri uwo musozo, agarukana inkuru abwiwe n'Imana.

**Soma 19 : 4-8.** Uhoraho yamye yipfuzwa abantu bagiranira imigenderanira y'ukuri. Bakaba ihanga ryera yiharije. Ikibabaje ni aho iri sezerano baryemeye ko bazobikora, ntibatevye kumwereka igihushane c'ivyo bivugiye. Vyababaje Imana bituma iheba rya sezerano ry'amahoro ; itangura kubatererekana ivyago.

Uhoraho kuko ari Imana, ntiyibagira isezerano wagize imbere yayo canke imbere y'ishengero. Bimubabaza iyo umuhemukiye. Mbega woba umaze guhemukirwa n'uwo mwari mwahanye isezerano ryiza ? Wavyakiye gute ? Iyumvire Imana nayo ibona n'ibiri mu mutima w'uwo ayihemukiye.

#### **V. Umusozo wa Sinayi ugereranywa n'uwa Siyoni.**

Iyi misozi, Imana yayivugiyeko mu buryo bumwe mu gihe kitandukanye. **Hebur. 12:22.** « *Ariko mwegereye umusozo Siyoni, n'umurwa w'Imana nzima, Yerusalemu ho mw'ijuru...* » kuri iyi misozi yose, abantu baratinye kwegera aho Imana iba iriko iravugira. Hari abapfuye kuko bakengereye ivyo Imana yabihanikirije. **Hebur. 12:25** « *Mwirinde ntimwanke kumva iyiriko iravuga. Babandi ko batakize hamwe banka uwababuriye mw'isi, tweho tuzorushiriza cane kudakira, namba dutera ibitugu iyituburira iri mw'ijuru.* »

#### **VI. Gushira mu ngiro.**

Niba Imana yanejerejwe no kwiyerekera abana b'abantu bakiri mw'isi, ni icemeza ko kuri uyu wese yemeye kuyumvira, agashishikara isezerano yagiranye n'Imana ; azomubona imbona nkubone ku misozi yera y'Imana mw'ijuru.

Ico usabwa ni ukumvira iyiriko iravuga kuko utazoshobora kwikiza igihe izoba ije kwihora abatayumviye. Azoza ari umucamanza. Aka ni akanya ko gusaba Imana ngo igufashe kuyumvira no kuyegera nayo ikakwegera.